

# Analiz Lojman Gwoup Aprè-Resansman 2020



Analiz Lojman Gwoup Aprè-Resansman 2020 an (PCGQR, selon sig anglè a) bay yon pwosesis pou inite gouvènmantal nan Etazini ak Pòtoriko pou yo mande Biwo Resansman Etazini a pou li analize kontaj popilasyon lojman gwoup yo panse ki pa t konte korèkteman nan jou 1ye Avril 2020.

Si pwosesis analiz la twouve dekalaj nan kontaj popilasyon sa yo gen ase prèv pou sipòte yo, yo ap bay deseri revizyon otorize sou popilasyon lojman gwoup la bay Pwogram Estimasyon Popilasyon an. Revizyon sa yo ap antre nan pwochen baz popilasyon lis pwodiksyon an pèmèt yo drese a. Sondaj Kominote Ameriken ak Sondaj Kominote Pòtoriko a ap sèvi ak estimasyon popilasyon ki devlope apati dènye baz popilasyon an tou kòm verifikasyon sondaj pou chif total popilasyon ki soti nan sondaj la ka konfòm ak dènye estimasyon popilasyon yo. Inite gouvènmantal yo gen ladan yo fonksyonè tribi, eta, ak lokal oswa reprezantan yo chwazi.

Tanpri note byen PCGQR 2020 an se pa yon rekontaj pou Resansman 2020 an. Pa egzanp, yo pa p revize ni pwodwi done Resansman 2020 an ak konte yo remèt bay Prezidan an pou repatisyon, ni Lwa Piblik 94-171 Dosye Done Redistribisyon ak Pwodi Jewografik Resansman 2020 an yo akoz rezilta PCGQR 2020 an.

Yon lojman gwoup se yon kote moun viv oswa rete nan yon aranjman abitasyon an gwoup ki se pwopriyete oswa anba jesyon yon antite oubyen yon òganizasyon ki bay lojman ak/oswa sèvis pou rezidan yo. Sèvis sa yo ka gen ladan yo swen ladesant oubyen medikal avèk lòt kalite èd, epi yo rezève rezidans nòmalman sèlman pou moun ki ap resevwa sèvis sa yo. Sa se pa yon aranjman ki menm jan ak lè yon moun ap viv nan kay nòmalman. Moun ki abite nan lojman gwoup yo pa nòmalman fanmi youn ak lòt. Lojman gwoup gen ladan yo deseri kote tankou dòtwa etidyan inivèsite/fakilte, sant tretman rezidansyèl, etablisman pou swen enfimyè/swen enfimye espesyalize, fwaye gwoup, prizon, ak chanm pou travayè dòmi, ak santral konpayi travay.

Inite gouvènmantal ki gen kesyon sou kontaj popilasyon yo ka sèvi ak pwosesis PCGQR 2020 an pou yo mande yon revizyon pou kontaj popilasyon lojman gwoup yo ki te egziste epi disponib pou abite nan dat 1ye Avril 2020, epi ki ale nan menm sans ak Kritè Rezidans Resansman 2020 ak Sitiyasyon Rezidans ak lòt machasuiv Biwo Resansman an mete akoz pandemi COVID-19 la.

### **Eske PCGQR 2020 an ka chanje done redistribisyon yo, rezilta repatisyon yo, oubyen lòt pwodwi done Resansman 2020 an?**

- PCGQR 2020 pa chanje done ofisyèl Resansman 2020 an ni pwodui done.
- PCGQR 2020 pa afekte ni chanje popilasyon total okenn eta nan kontaj repatisyon li ni kantite syèj yon eta okipe nan Chanm Reprezantan Etazini.

### **Kijan yo ap bay ak itilize koreksyon PCGQR 2020 an yo?**

- Si Biwo Resansman an fè revizyon, yo ap remèt revizyon yo bay Pwogram Estimasyon Popilasyon an pou enkòpore yo nan pwochen baz popilasyon lis pwodiksyon an pèmèt yo drese. Revizyon popilasyon total lojman gwoup yo ap reflekte nan estimasyon popilasyon yo devlope apati baz sa a.
- Sondaj Kominote Ameriken ak Sondaj Kominote Pòtoriko a ap sèvi ak estimasyon popilasyon ki devlope apati dènye baz popilasyon an tou kòm verifikasyon sondaj pou chif total popilasyon ki soti nan sondaj la ka konfòm ak dènye estimasyon popilasyon yo.

### **Kiyès ki ka soumèt yon demand egzaminasyon atravè operasyon sa a?**

- Se sèl pi gwo fonksyonè eli oswa nome (oubyen reprezantan pa yo) nan tribi Endyen Ameriken leta federal rekonèt yo, nan eta yo, nan konte yo, nan lokalite ki enkòpore yo, nan depatman dwa sivik timoun ki an fonksyon aktif yo, minisipalite ki nan Pòtoriko yo, Sosyete Rejyonal Natif Natal Alaska yo, ak zòn estatistik Natif Natal Alaska yo ki ka soumèt demand PCGQR 2020.

### **Eske Biwo Resansman an ap pibliye yon lis demand PCGQR 2020 ki depoze sou sitwèb Resansman 2020 an?**

- Pandan Biwo Resansman an ap fini travay li ap fè sou ka yo, li ap tou pibliye dènye lis demand yo sou <[www.census.gov/programs-surveys/decennial-census/decade/2020/planning-management/evaluate/pcgqr.html](http://www.census.gov/programs-surveys/decennial-census/decade/2020/planning-management/evaluate/pcgqr.html)> jeneralman nan espas 90 jou aprè yo resevwa demand la. Nan konfòmite ak lwa Tit 13 la, Biwo Resansman an pa p kapab devwale deseri detay presi sou demand yo.
- Biwo Resansman an ap bay repons ak tout demand PCGQR 2020 li resevwa, menm si demand lan pa antre nan kad la.

### **Ki orè operasyon PCGQR 2020 an?**

- An Me 2022, Biwo Resansman an ap voye avi bay tout 40.000 gouvènman tribal, eta, tankou lokal nan peyi Etazini konsènan operasyon PCGQR 2020 an epi ba yo plis enfòmasyon sou fason yo ka patisipe.
- Biwo Resansman an ap kòmanse aksepte ka PCGQR 2020 nan dat 6 Jen 2022. Dat limit pou soumèt yon ka se 30 Jen 2023.
- Biwo Resansman an ap bay rezilta yo nan chak peryòd lè yo pare jouk pou rive nan dat 30 Septanm 2023. Rezilta yo pral jwenn pi gwo fonksyonè eli oswa nome nan tout gouvènman ki afekte yo.
- W kapab jwenn dènye enfòmasyon yo sou <[www.census.gov/programs-surveys/decennial-census/decade/2020/planning-management/evaluate/pcgqr.html](http://www.census.gov/programs-surveys/decennial-census/decade/2020/planning-management/evaluate/pcgqr.html)>.